

LKPD BAHASA SUNDA

NAMA :

KELAS :

MACA TEKS NARASI

Nganjang ka imah Ua

Bu Maya ngajak Dudi nganjang ka uana Dudi, atawa lanceukna Bu Maya. Ari imahna uana Dudi teh di Dayeuhkolot, kabupaten Bandung. Mimitina mah naek angkot. Sanggeus tepi kapasar Dayeuhkolot, Dudi jeung Bu Maya turun tina angkot.

Dudi curinghak nenjo loba delman nu keur mangkal.

“Bu, bu. Aya delman, Bu! ceuk Dudi sigap.

“Dudi bade naek delman?”tanya Bu Maya

“Muhun, bade, Bu”tembal Dudi.

“yap atuh ! Da ti dieu mah angkutan umum nu ngalangkung ka bumi ua teh mung ojeg sareng delman wungkul”tembal Bu Maya.

“asiik, kaleresan pisan atuh,Bu. Dudi tos lami teu tumpak delman”tembal Dudi acrak pisan.

Saterusna Bu Maya jeung Dudi naek kana delman. Kusirna giak nyepretan kuda. Siga anu geus ngarti deui, kuda teh langsung leumpang kokotoplakan. lamun kurang gancang, kusir nyepretan tonggong kuda. Mangsana rek mengkol ka kenca, talina nu Beulah kenca dikenyedkeun. sabalikna, lamun rek mengkol ka katuhu, nya anu katuhu anu dikenyedkeun. kuda geus ngarti deui. nu matak, henteu di adu jeung kandaraan modern kayaning motor jeung mobil.

sajeroning numpak delman teh, Dudi ngarasa suka bungah. lantaran numpak delman teu henteu paura, malah kacida resepna. sanajan pabeulit jeung kandaraan nu balawiri minuhan jalan, kaasup sora klakson anu paharus – harus, tapi Dudi tetep acrak. Dudi bisa nyaksian kaayaan sapanjang jalan, bari ngarasakeun hiliwirna angin anu seger, Dudi kacida bungahna

NGAJAWAB PANANYA

1. Rek nganjang ka mana Dudi jeung Bu Maya teh?
2. Sora naon anu kadenge basa keur numpak delman?
3. Dimana imah uana Dudi?
4. Naek naon Dudi jeung Bu Maya sanggeus turun tina angkot?
5. Kumaha kaayaan kuda, sanggeus ku kusir di cepretan?